



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ KI FINANSE ATRAVÈ INISYATIV
REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE POU METE SOU PYE NAN WATERTOWN**

***Plis Pase 800,000 Dola nan Finansman Eta Ke Yo Te Bay a Kat Pwogram ki nan
North Country***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a divès pwojè ke yo pral finanse sou Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) nan Watertown. Pwojè sa yo se yon rezilta dirèk ESPRI an, ki se inisyativ 25 milyon dola Gouvènè an pou ede 16 kominote devlope estrateji ki onivo lokal yo pou redwi povrete, epi ogmante opòtinite ekonomik yo pou tout moun New York yo.

“Atravè inisyativ sa, nou pral kontinye bay kominote lokal yo pouvwa pou kreye opòtinite yo pou moun New York ki an difikilte yo ki ap travay soti anba pou monte anlè”,
Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ap felisite efò ke pati ki konsène nan Watertown yo te fè pou devlope estrateji sa ki ap konbat povrete, ki pral mennen a chanjman konsiderab nan lavi anpil abitan North Country.”

Byen rapid apre ke Gouvènè an te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan an 2016, Albany, Binghamton, Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te vin rejwenn Rochester nan devlope fòs entèkansyon lokal yo pou kapab sipèvizè efò lokal yo epi administre finansman eta yo.

Inisyelman, fòs entèkansyon sa yo te travay pou idantifye zòn ki gen gwo nesosite yo epi devlope rekòmandasyon pou envestisman ak lòt chanjman pou redwi kantite moun ki ap viv nan povrete yo. Kounye a, fòs entèkansyon yo ap kòmanse mete sou pye plan rediksyon povrete yo ke yo te devlope nan premye faz lan, apati itilizasyon fon ESPRI an.

Kat pwogram ke yo te apwouve pou jwenn finansman nan Watertown yo se:

- **Konsèy Planifikasyon Aksyon Kominotè (Community Action Planning Council) nan Konte Jefferson, 196,000 dola** - Finansman an pral reyalize de pwogram fòmasyon: Yon pwogram pral ede manm kominotè yo reyalize kompleksite pwoblèm ki antoure povrete yo ak jan pa genyen yon sèl apwòch pou sipase li; dezyèm pwogram lan se pou moun ki ap viv nan povrete, epi li pral ede yo pran lavi yo an chaj apati devlopman estrateji yo pou konstwi resous ki kapab mennen yo nan yon pi bon lavi.
- **Misyon Ibèn Watertown (Watertown Urban Mission), 150,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou yon pwogram “Wheels to Work”, ki pral bay 120 fwaye sèvis transpò. Sèvis transpò yo kapab klase ant soti nan jwenn yon veyikil ize ki fyab pou rive nan asirans otomobil ak kupon pou reparasyon mentnans oswa enspeksyon eta yo.
- **Abita Thousand Islands pou Imanite (Thousand Islands Habitat for Humanity), 300,000 dola** - Finansman an pral kreye “Pathway to Home Ownership”, ak sipò ki soti nan Otorite Devlopman North Country an (Development Authority of the North Country), Vwazen Watertown yo (Neighbors of Watertown) ak Vil Watertown. Yo pral achte, reyamenaje epi vann kay ki nan zòn ki an detès yo bay fanmi ki gen revni fèb yo.
- **Depatman Anplwa & Fòmasyon Konte Jefferson (Jefferson County Department of Employment & Training), 175,000 dola** - Finansman an pral reyalize pwogram “Employer Resource Network” lan, ki pral konekte anplwayè yo ak antrenè reyisit yo pou anplwaye yo ki ap fè fas a difikilte.

Watertown te chwazi United Way of Northern New York pou administre finansman ESPRI an. Efò fòs entèvansyon an yo ap sipòte tou ak plis pase 1 milyon dola nan resous lokal yo pou ogmante enpak pwogram “Pathway to Home Ownership” lan ak pwogram fòmasyon kont povrete yo.

An plis, United Way te fè patenarya ak Distrik Eskolè Vil Watertown lan (Watertown City School District) pou kreye yon pwogram fòmasyon pou pwofesè yo, pou kapab ede yo konprann pi byen defi pou elèv yo ki ap viv nan kouch povrete yo.

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Samuel D. Roberts, te deklare, “Gouvènè Cuomo rekonèt ke povrete se yon pwoblèm ki pa kapab rezoud pa yon sèl antite poukont li, e li pa kapab rezoud tou pa yon solisyon ki adapte a tout bagay. Bote pwogram ESPRI an se ke yo kapab adapte li sou plan lokal ak investisman eta, epi kominote yo ap wè chanjman reyèl ak mobilite ekonomik ki ogmante pou tout moun New York yo”.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Angajman Gouvènè Cuomo nan konbat povrete nan kominote yo tankou Watertown li ap bay rezilta epi

lakòz yon efè domino atravè eta a. Nou ap travay ansanm ak patnè nou yo ki nan Konte Watertown ak Jefferson pou bay wazinaj yo zouti ak resous pou kapab reyalize pwogram yo ki ap ede moun yo ak fanmi yo pwospere”.

Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo, Fran Barrett, te deklare, “Gouvènè Cuomo ap kontinye konbat kòz santral povrete yo ak inegalite nan revni yo, epi ESPRI an ap ajoute sou pwogrè sa. Atravè inisyativ sa, moun New York ki ap viv nan povrete yo ap konbat povrete ki adapte ak bezwen kominote yo. Pwojè ke yo te lanse jodi a pral ede fanmi Watertown ki gen revni fèb yo antre nan mendèv lan ak dinyite, abòde baryè kont mobilite ekonomik yo, epi reyalize potansyèl yo. Nou ap aplodi travay lidèchip lokal ak abitan Watertown yo epi nou espere wè enpak ke efò sa pral genyen sou lavi fanmi Watertown yo”.

Manm Asanble Eta New York lan, Addie Jenne, te deklare, “Chak fanmi gen nesosite diferan, epi inisyativ Gouvènè Cuomo an ap ranpli vid ki genyen nan pwogram aktyèl yo pou abòde nesosite sa yo. Mwen fyè pou mwen sipòte travay komite an pou kreye solisyon lokal pou sitwayen nou yo ki an difikilte, ak òganizasyon yo ki te manke resous pou ede reponn a nesosite sa”.

Majistra Watertown a, Joseph M. Butler Jr., te deklare, “Apwòch inik ke vil nou an te pran lè li konfwonte ak yon pwoblèm grav ki la lontan an sa se yon prèv sans sitwayen nou, ak enjenyozite ki ap abouti a bon jan defans pwòp tèt nou epi entelijan ki angaje nan ede lòt moun. Gras a Gouvènè Cuomo, inisyativ sa yo pral bay opòtinite pou moun ki motive yo kapab gradyèlman kraze sikl povrete an ki ap kontwole lavi yo, epi jwenn konfyans, endepandans epi an dènnye yon nouvèl lavi ak povrete yo kite dèyè”.

Prezidan Asanble Lejislatif Konte Jefferson nan, Scott Gray, te deklare, “Povrete se yon pwoblèm grav ki ap afekte tout kouch lavi yo, espesyalman nan kominote riral yo tankou Watertown. Mwen fyè de travay United Way lan, fòs entèvansyon nou an, epi pi enpòtan ankò kominote a, ki te bay enfòmasyon ki inestimab pou asiste nan devlopman estrateji rediksyon povrete yo ki pral mennen moun yo nan yon lavi ki ka jere tèt li. Pwogram yo ki ap bay mwayen pou fè amelyorasyon sa ki pi mal pami nou yo pral toujou fè kominote nou an vin yon kote ki pi bon kòm yon gwoup”.

Direktè Egzekitif United Way of Northern New York lan, Bob Gorman, te deklare, “Depi nan kòmansman, misyon nou an te fè yon diferans nan lavi moun yo epi mwen fèmman kwè ke pwogram sa yo pral akonpli sa. Lè nou te anbake sou vwayaj sa, nou te mande tout moun pou mete kalandriye yo nan pòt la epi travay pou amelyorasyon kominote nou an, epi mwen fyè de akonplisman manm fòs entèvansyon ESPRI yo fè”.

Direktè ESPRI Watertown lan, Peter Schmitt, te deklare, “Pati ki enteresan nan pwojè sa te nati enklizif pwosesis lan. Sitwayen ki soti nan tout kouch lavi yo reprezante biznis, òganizasyon san bi likratif, legliz yo ak defansè kominote yo te rasanble ansanm pou diskite sou baryè yo pou soti nan povrete epi yo te enplike nan pwosesis pou pran prezizyon an.”

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè an, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an nan Eta New York, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York lan (New York State Grants and Reform Team) yo te resamman òganize sesyon ekout yo atravè eta a pou diskite sou mizajou yo ak pwogram ESPRI Gouvènè an, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal lan ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rès kominote ESPRI yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)